



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 19 mas 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PATENARYA ANT SANT GENOME NEW YORK AK GWROUP IBM WATSON
POU FÈ RECHÈCH LÒT TRETMAN POU PASYAN KI GEN KANSÈ YO**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon patenarya ant Sant Genome New York ak Gwoup IBM Watson pou etidye ak devlope lòt tretman jenomik pou pasyan ki gen kansè nan sèvo yo, yon angajman ki eksplwate pa yon investisman \$55 milyon dola pa Eta nan Sant Genome New York ak yon \$50 bilyon dola investisman nan inivèsite Buffalo sant kalkil wo pèfòmans.

“Investisman Eta New York nan teknoloji inovasyon tankou medsin jenomik ap kreye djòb ak devlope ekonomi an nan lwès New York ak toupatou nan eta nou an,” te deklare Gouvènè Cuomo.

“Kolaborasyon sa a ant Sant Genome New York ak IBM pral ede fè rejyon an vini yon nouvo sant pou endistri biyoteknik kap grandi.”

Nan diskou 2014 sou Eta Eta a, Gouvènè a te pwomèt plis pase \$100 milyon dola pou Rezo a ki pral konekte kominote medikal inivèsite New York City a ak koridò teknoloji medikal Buffalo, e angajman sa a te enkli nan Bidjè Egzekitif la. Rezo Medsin Jenomik NY ap chèche pou kaptire revni ekonomik ak medikal nan domèn medsin jenomik kap emèje pou Eta New York ak pou devlope rejyon nò New York kòm yon sant nasyonal pou rechèch ak djòb jenomik. Rezo a relye kominote medikal nan vil New York avèk enfrastrikti enfòmasyon nan Inivèsite Buffalo ak rechèch kominote nan Roswell Park Cancer Institute. Avèk resous kalkil entansif ak pèsònèl kalifye, enstitisyon Buffalo yo pral bay sant Jenòm NY aksè rapid a kapasite kalkil ki pral ogmante vitès rechèch jenomik ak analiz enpòtan pou dyagnostik maladi yo.

Senk konpayi te deja angaje nan medsin jenomik angaje nan swa deplase vini nan Buffalo oswa elaji nan domèn lan, anpil nan Kanpis Medikal Niagara Buffalo. Anplis de akò avèk nouvo sant Jenòm New York, IBM ap travay egalman avèk Eta New York pou kreye Inovasyon Enfòmasyon Teknoloji ak rezo komèsyalizasyon. Eta New York pral angaje yon \$55 milyon dola adisyonèl, ki gen ladan \$25 milyon pou kreye yon enstalasyon inovasyon piblik ak \$30 milyon pou achte ekipman ak lojisyèl IT ki pou sèvi nan nouvo etablisman. Rezo a se pral pwopriyete Eta New York ak IBM kòm premye gwo lokatè li epi l ap disponib pou tout inite IT nan tout ajans eta a. Enstalasyon an pral ouvri nan kòmansman lane 2015 anba lavil Buffalo.

Haitian Creole

Anplis, medsin jenomik gen potansyalite pou redwi pri swen sante, anpil konpoze medikaman yo ki kounye chita sou etajè konpayi famasetik yo pral jwenn nouvo itilizasyon. Yo estime ke frè depans pou sante pral deklive pa \$500 milyon dola pandan pwochen senk ane yo kòm medsin jenomik ap parèt kòm yon tretman estanda.

Eta New York ap ede respire yon nouvo souf nan Buffalo ak montre biznis yo ke nou serye sou revitalize, rekonstwi ak refè ekonomi pati lwès New York la. Nan resan mizajou klasman bon obligasyon jeneral nan Buffalo, sit estanda ak Pòv eta ki sipòte devlopman ekonomik nan jistifikasyon yo pou mizajou.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418